

# Won-pwen ak entèseksyon nan redesine Cummins Highway

Madi 29 Mas



Public Works




Transportation

# Welcome! ¡Bienvenidos! Akeyi!

---


- Si hablas español y prefieres escuchar la reunión en esta lengua utiliza el botón de “Interpretation” (Interpretación) para acceder al canal de audio en español.
- *Si w pale Kreyòl Ayisyen e w prefere tande reyinyon an nan lang sa a tanpri sèvi ak bouton "Interpretation" (Entèpretation) pou w jwenn aksè ak chèn odyo pou Kreyòl Ayisyen an.*



# Welcome! ¡Bienvenidos! Akeyi!

---


- This meeting **will be recorded**.
  - Esta reunión será grabada.
  - *Reyinyon sa a ap anrejistre.*
- Update your name in Zoom to include your preferred name and your pronouns.
  - Actualiza tu nombre en Zoom con tu nombre preferido y tus pronombres.
  - *Aktyalize non w sou Zoom pou w mete non prefere w ak pwonon w.*




# Welcome! ¡Bienvenidos! Akeyi!

---

- Your microphones are turned off to start. You will need to unmute to speak. Joining via phone? Press **\*6** to unmute.
  - Tu micrófono está apagado al empezar. Tendrás que reactivarlo para hablar. ¿Participando por teléfono? Presiona \*6 para reactivar el micrófono.
  - *Mikwo w fèmen pou kòmanse. Ou pral bezwen ouvri mikwo a pou w pale. W ap konekte pa telefòn? Peze \*6 pou ouvri mikwo a.*
- You can use non-verbal feedback options. Raise your hand or leave a message in the chat box if you have a question. If you called into the meeting, use **\*9** to raise your hand.
  - Puedes utilizar las opciones de reacción no verbales. O dejar un mensaje en el chat si tienes alguna pregunta. Si estás llamando por teléfono usa \*9 para levantar la mano.
  - *Ou gendwa sèvi ak opsyon fidbak non-vèbal. Leve men w oswa kite yon mesaj nan bwat tchat la si w genyen yon kesyon. Si w konekte nan reyinyon an, sèvi ak \*9 pou leve men w.*



# PA GADE EKKRAN -W PANDAN WAP KONDWI



**Hello!** ¡Hola! **Bonjour!**

---



**Jeffrey Alexis**

---

Principal Engineer,  
Public Works  
Department



**John Monacelli**

---

Senior Engineer,  
Transportation  
Department



**Jen Rowe**

---

Active Transportation  
Planner, Transportation  
Department

# Meeting Goals

---

## **Learn how the City plans for vehicular traffic in the context of safety**

- Review common terms
- Learn about all the factors we consider in designing intersections

## **Learn about the Cummins Highway reconstruction project**

- Project goals and opportunities
- Review specific designs for Cummins Highway
- Next steps for the project

# Redesine Tanporè de Cummins Highway

---

Nou te fini esè sou Cummins Highway a semèn sa a. Jiskaske konstriksyon kòmanse, lari a pral tankou li te ye anvan an.

Pandan dènye ane a, nou te kolekte done sou vitès trafik, tan vwayaj, ak eksperyans ou nan yon liy nan chak direksyon. Vizite [boston.gov/cummins-highway](https://boston.gov/cummins-highway) pou revize done ke nou te kolekte yo.

Done nou te kolekte yo pral enfòme kijan nou konsevwa nouvo Cummins Highway a, men opinyon ou toujou enpòtan.





# Rekonstricksyon Cummins Highway

---

Nou pa kapab pwodwi yon desen san opinyon ou. Ou pral ede fòmè kijan Cummins ta dwe ye pou pwochen 70 ane yo.

Kounyea, nap kontakte kominote a pou enfòmè de plan final la.



## We plan to reconstruct Cummins Highway

---

Yo p at amelyore Cummins Highway depi **prentan 1955**.

Yo te retire tramwey ki te akote Cummins yo an 1953 pou yo fè plas pou machin. Konfigirasyon ri a refleto priyorite ane 1950 yo: pèmèt moun ki pa rezidan yo kondui byen vit nan katye nou yo.



# REKONSTRIKSYON CUMMINS HIGHWAY

---

Pandan yon pwojè rekonstwiksyon nou rekonstwi ri a totalman, sa ki gen ladann twotwa, arebò ri a, ekleraj ri a, limyè sikilasyon, revètman wout la, epi ranplase oswa mete sèvis piblik yo jan sa nesesè.

Vil la gen yon bidjè apeprè **\$24 milyon** dola pou rekonstriksyon Cummins Highway



# REKONSTRIKSYON CUMMINS HIGHWAY

---

Nou pa ka pwodwi yon modèl san opinion pa ou. **Ou pral ede fòmè ki jan Cummins lan ta dwe ye pou 70 ane kap vini yo.**

Kounye a, nou ap kontakte kominote a pou-n enfòmè yo de modèl final la. Nou poko kòmanse travay enjenyè yo pou desine koridò a.



# OPÒTINITE POU REKONSTWI CUMMINS HIGHWAY

---

- **Avanse avèk objektif Go Boston 2030:**
  - Amelyore sekirite nan lari nou yo
  - Diminye emisyon
  - Envesti nan kominote yo reyalize ekite nan aksè a opòtinite.



# OPÒTINITE POU REKONSTWI CUMMINS HIGHWAY

---

- *Avanse avèk objektif Go Boston 2030*
- **Kolabore avèk depatman lòt Vil yo pou avanse avèk plan kolektif nou yo.**
  - Pou-n enfòme rezidan yo de travay kap fèt nan tout Vil la.
  - Pou amelyore kolaborasyon nan travay nou an e reyalize objektif katye ak tout vil yo.



# OPÒTINITE POU REKONSTWI CUMMINS HIGHWAY

---

- *Avanse avèk objektif Go Boston 2030*
- *Kolabore avèk depatman lòt Vil yo pou avanse avèk plan kolektif nou yo.*
- **Kolabore avèk rezidan yo pou avanse avèk objektif yo:**
  - Konfime vizyon ou pou lavni avèk pwojè nou yo.
  - Konsyantizasyon ak patisipasyon nan efò ke ou pran swen sou



# Glosè tem ki gen rapò ak trafik pou aswè a





# Sik Siyal la

---

- Konbyen tan siyal la pran pou sèi tout diferan moun nan entèseksyon an
- Yon sik kap repete pandan tout jounen an
- Pandan kèk tan nan jounen an, nou kapab fè sik la pi long (yon pi gwo pitza); nan lòt fwa nou kapab fè sik la pi kout (yon pitza ki pi piti)



Foto: Dale Cruse sou Flickr.com

# FAZ

---

- Yon pati nan sik la, oswa yon “tranch pitza”
- Diferan bagay rive entèseksyon an pandan chak faz
  - Trafik pou vire agoch la deplase
  - Moun ap travèse de yon twotwa a yon lot twotwa
  - Mouvman trafik transvèsal





Photo: Dale Cruse on Flickr.com

# Clearance

---

- Minimòm tan legal ki nesesè pou sekirite
- Egzanp ki enpotan yo:
  - Konbyen tan yon limyè trafik dwe rete jon
  - Konbyen tan yon limyè trafik dwe rete wouj
  - Konbyen tan yon dekont siyal pou pyeton dwe ye
- Enjenie yo kapab revize e jije pou wè si yon ogmantasyon ap bay yon benefis sekirite adisyonèl



# Siyal Pyeton yo

---

- Twa pati pou chak siyal pyeton
- Siyal pou MACHE a ap di moun yo ki lè ke yo kapab travèse lari a
- Dekont la ap montre pyeton yo ki kantite tan ke yo “genyen” ki rete pou yo kapab ale lòt bò lari a
  - Men kap flache se yon avètisman ke opòtinite ou genyen pou travèse a ap fini tou swit.
- Men ki rete dwat la siyifi ke pyeton yo pa dwe travèse pandan tan sa.



# De tip edmi faz pou pyeton

---

- Eksklizif
  - Yo dirije pyeton pou yo travèsè nan yon tan espesyal lè pa genyen ankenn machin/chofè kap vini.
  - Nou pap ajoute siy pou moun Vire sou Wouj.
  - Moun yo dwe rete tan plis tan pou siyal mache a



# De tip edmi faz pou pyeton

---

- Eksklizif
- An mem tan
  - Yo direje pyeton pou travèse lè machin yo ap vini nan sans paralèl avèk pasaj pou pyeton an
  - Yo kabap bay chofè yo dwa pou yo vire sou pasaj a pyeton an aprè ke yo finn ralanti pou pyeton yo.
  - Anpil enkyetid konsènan konfli ant moun kap mache yo ak chofè kap vire yo



# De ti edmi faz pou pyeton

- Eksklizif
- An mem tan
- Depa pou pyeton
  - Yo rele-l tou yon “entèval dirije pou pyeton”
  - Itilize avèk yon faz pou pyeton an mem tan
  - Moun kap mache yo gen pou yo travèse lari avan trafik paralèl la gen limyè vè
  - Pyeton yo ap pi vizib pou chofè kapab wè yo paske yap deja sou pasaj anpou pyeton
  - Denimye konfli potansyèl ant moun kap mache yo a chofè kap vire yo



4 a 6 second



# Viraj ke yo pèmèt ak pwoteksyon

---

- Pèmèt
  - Chofè yo gen dwa pou yo vire agoch sou bo machin kap vini yo, baze sou pwòp jijman yo si gen ase espas.
  - Mwens reta pou chofè kap vire yo, men plis konfli posibil.
- Pwoteksyon
  - Chofè yo genyen yon tan espesyal pou yo kapab vire san konfli avèk lòt machin yo
  - Plis reta pou chofè kap vire yo, men mwen konfli posibil



# Kijan pou desine pou trafik ak sekirite



# Desen Lari yo dwe sipòte plyazyè objektif

---

## Aksè ak plas e ak moun

- Tankou legliz, pak, lekòl, travay, makèt, swen sante, ak bibliyotèk
- Sekirize pou tout moun
  - Espesyalman pou granmoun yo, jèn yo, ak moun ki andikape
- Sipòte objektif tout katye ak tout vil la.
  - Sante Piblik, diminye chalè iben, rezistans kont tanpèt, ogmante kanopi pyebwa



## Kan nou desine entèseksyon yo, nou bezwen konsidere plizyè faktè:


---

- Nonb moun kap itilize entèseksyon an
- Istwa pase de aksidan epi preske fè aksidan
- Kote ki tou prè, tankou pak, lekòl, estasyon otobis, kay pou granmoun
- Liy vizyon ak vizibilite
- Jere entèraksyon/ konfli ak mouvman yo
- Pi bon itilizasyon espas lari ki limite a
- Rechèch ak denye konsèy

# Siyal trafik yo ede nou a jere konfli nan entèseksyon yo

---

- Nou kapab itilize siyal trafik nan kèk entèseksyon yo:
  - Anpil volim trafik (enkli machin, pyeton, ak moun sou bisiklèt yo)
  - Potansyèl pou konfli yo trè wo
- Siyal Trafik yo pral yo la pou kontwòl ak balans
  - Kontwòl de ki yes ki kapab deplase
  - Balanse lè tout moun dwe delpase
- Siyal Trafik yo se limyè nan poto yo sèlman – yo pa kapab rezoud tout bagay




# Separasyon

---

- Nou minimize konfli yo le nou separe itilizatè lari yo youn ak lòt.
- Nou kapab separe lè itilizatè yo.
  - Kontwòl entèraksyon konfli yo lè nou bay diferan lè a chak itilizatè yon lè espesyal nan sik la pou deplase/ vire
  - Egzanp: vire agoch sou trafik kap vini an oswa lè lari andedan yo gen limyè vè pou travèse yon lari prensipal
  - Nou kapab separe espas yo sèvi a
  - Bati eleman fizik yo pou anpeche e/oswa gen pi bon kontwòl si ak kijan itilizatè yo entèrak
  - Egzanp: twotwa, liy mitan, ekstansyon koub

# Siyal trafik yo pa kontwole vitès chofè yo

- Ojektif siyal trafik yo se pou yo kontwole mouvman, men li kapab kreye reta pou vwayajè yo
  - Tout moun dwe rete tan lè yo pou kapab deplase
- Nou kapab kowòdone siyal trafik yo nan yon koridò
  - Si wap konwdi nan limit vitès la, ou gen anpil chans pou kapab jwen plizyè limyè vè afile



Beacon Street, Back Bay

# Nou analize volim trafik yo pou-n kapab desine siyal sik ak faz yo

---

- Nou konte konbyen moun ki kondwi, mache, ak monte bisiklèt nan entèksyon an
  - Nou konte konbyen moun kap vire, konbyen moun kap prale tou dwat, ak konbyen kap vire nèt.
  - Nou konte ki tip de machin ki itilize entèseksyon an
- Nou konte tou konbyen moun ki itilize chak pasaj pou pyeton
  - Enfòmasyon sa yo ede nou konprann potansyèl pou konfli ant diferan moun nan lari a, tankou moun kap vire ak moun ki nan pasaj pou pyeton yo.



# Nou analize volim trafi yo pou-n kapab desine siyal sik ak faz yo

- Nou itilize enfòmasyon ke nou kolekte avan pandemi COVID 19 la.
  - Nou te kontwole nivo trafik yo pandan tout pandemi a. Nou pap sèvi ak nimewo sa yo pou-n desine lari a.
- Avèk pwojè tankou Cummins Highway, nan trafik kap vini yo nou kapab ajoute demann nouvo devlopman yo tankou Cote Village.

**Cote Village NPC**

Project Phase ?

- Letter of Intent
- Under Review
- Board Approved
- Under Construction
- Construction Complete

Neighborhood	Address	Land Sq. Feet	Gross Floor Area	BPDA Contact
<b>Mattapan</b>	<b><u>30-32 Regis Road</u></b>	<b>100,188 sq ft</b>	<b>101,848 sq ft</b>	<b><u>Lance Campbell</u></b>

Project Description  
Construct 76 units with rental office and community room, 4,172 SF of ground-floor commercial space, including a 12,000 SF public plaza with a total of 84 parking spaces.



# Nou analize volim trafi yo pou-n kapab desine siyal sik ak faz

- Nou mete dekont trafik ak kwasans enfòmasyon yo nan yon modèl lojisyèl (dabitid Synchro) pou-n kapab simile tou enfòmasyon yo.
- Nou obsève kijan moun yo itilize entèseksyon vrèman epi nou fè chanjman yo a modèl yo pou kabap reflete sa nou wè pi byen
- Modèl la ede nou konprann konpwomi ki genyen ant diferan mouvman yo, konbyen tan yon sik kapab ye ak konbyen espas nou kapab bezwen pou bay pou liy vire sèlman.

TIMING SETTINGS	EBL	EBT	EBR	WBL	WBT	WBR	NBL	NBT	NBR	SBL	SBT	SBR	FED	HOLD
Lanes and Sharing (BRL)	↓	↑	↑	↑	↑	↑	↑	↑	↑	↑	↑	↑	↑	↑
Traffic Volume (vph)	78	479	0	0	707	90	5	9	4	46	0	99	...	...
Future Volume (vph)	78	479	0	0	707	90	5	9	4	46	0	99	...	...
Turn Type	Perm	...	...	...	...	...	Perm	...	...	Perm	...	...	...	...
Protected Phases	...	1	...	...	1	...	...	4	...	...	3	...	...	...
Permitted Phasing	1	...	...	...	...	...	4	...	...	3	...	...	...	...
Permitted Flashing Yellow	...	...	...	...	...	...	...	...	...	...	...	...	...	...
Detector Phases	1	1	...	...	1	...	4	4	...	3	3	...	...	...
Switch Phase	0	0	...	...	0	...	0	0	...	0	0	...	...	...
Leading Detector (ft)	...	100	...	...	100	...	...	...	...	...	100	...	...	...
Trailing Detector (ft)	...	0	...	...	0	...	...	...	...	...	0	...	...	...
Minimum Initial (s)	12.0	12.0	...	...	12.0	...	18.0	18.0	...	8.0	8.0	...	...	...
Minimum Split (s)	18.0	18.0	...	...	18.0	...	23.0	23.0	...	13.0	13.0	...	...	...
Total Split (s)	54.0	54.0	...	...	54.0	...	23.0	23.0	...	33.0	33.0	...	...	...
Yellow Time (s)	3.0	3.0	...	...	3.0	...	3.0	3.0	...	3.0	3.0	...	...	...
All Red Time (s)	3.0	3.0	...	...	3.0	...	2.0	2.0	...	2.0	2.0	...	...	...
Lost Time Adjust (s)	...	0.0	...	...	0.0	...	...	0.0	...	...	0.0	...	...	...
Lagging Phase?	...	...	...	...	...	...	<input checked="" type="checkbox"/>	<input checked="" type="checkbox"/>	...	<input checked="" type="checkbox"/>	<input checked="" type="checkbox"/>	...	...	...
Allow Lead/Lag Optimize?	...	...	...	...	...	...	<input checked="" type="checkbox"/>	<input checked="" type="checkbox"/>	...	<input checked="" type="checkbox"/>	<input checked="" type="checkbox"/>	...	...	...
Recall Mode	C-Max	C-Max	...	...	C-Max	...	None	None	...	None	None	...	...	...
Speed limit (mph)	...	25	...	...	25	...	...	...	...	...	25	...	...	...
Actuated Effort, Green (s)	...	68.4	...	...	68.4	...	18.0	...	...	...	16.8	...	...	...
Actuated g/C Ratio	...	0.62	...	...	0.62	...	0.16	...	...	...	0.15	...	...	...
Volume to Capacity Ratio	...	0.43	...	...	0.40	...	0.10	...	...	...	0.85	...	...	...
Control Delay (s)	...	9.3	...	...	16.6	...	33.8	...	...	...	52.0	...	...	...
Queue Delay (s)	...	0.0	...	...	0.0	...	0.0	...	...	...	0.0	...	...	...
Total Delay (s)	...	9.3	...	...	16.6	...	33.8	...	...	...	52.0	...	...	...
Level of Service	...	A	...	...	B	...	C	...	...	...	D	...	...	...
Approach Delay (s)	...	9.3	...	...	16.6	...	33.8	...	...	...	52.0	...	...	...
Approach LOS	...	A	...	...	B	...	C	...	...	...	D	...	...	...
Queue Length 50th (ft)	...	70	...	...	220	...	13	...	...	...	69	...	...	...
Queue Length 95th (ft)	...	m250	...	...	394	...	27	...	...	...	101	...	...	...
Queue (vph)	...	235	...	...	464	...	14	...	...	...	76	...	...	...
Fuel Used (g/hr)	...	4	...	...	17	...	0	...	...	...	3	...	...	...

# Nou desine pou yon jou nòmàl

---

- Nou konsevwa siyal entèseksyon yo pou fonksyone nan moman ki okipe nan jounen an, tankou pandan vwayaj maten ak aswè.
- Nou dwe fè atansyon pou-n pa bati lari nou yo twòp.
  - Twòp espas nan wout la kapab okazyone plis vitès.
- Pandan ke nou kapab change dire sik la pandan tout jounen an, nou pakab chanje konsepsyon fizik lari a.
  - “Pi gwo oswa pi piti pitza”

# Trafik se tankou gaz: Li pran tout espas ke yo bali

---

- Tradisyonèlman, enjenyè trafik yo bay priorite pou maksimize vitès ak kantite machin kap pase nan yon zòn a yon sèten tan.
- Apwòch sa a kapab travay pou otowout kote ki pa gen okenn plas oswa moun, men li pa apwopriye nan kontèks la ak fabrike yon vil.
- Si nou bati lari nou yo pou pi gwo volim trafik, nap fini pa genyen anpil espas nan yon lòt lè.
- Eksè espas sa a kapab ankouraje yon vitès ki danjere.
- Lap anpeche nou atenn lòt objektif tou, tankou plante pye bwa yo oswa bati twotwa ki gwo ase pou abri otobis.



*Photos: Smart Growth America*

# Balanse trafik machin yo, sekirite, ak lòt objektif

---

Nou bezwen itilize yon nonb ki egzat pou liy machin yo.


- Nan mitan yon blòk, nou pa bezwen anpil liy vwayaj.
  - Plis kontinite nan mouvman machin yo nan blòk (yo)
  - Mwens kontwòl fòmèl nan siyal trafik yo
  - Mwens entèraksyon ak konfli avèk gwo entèseksyon yoons
- Nou kapab ajoute plis liy nan entèseksyon yo
  - Yon liy pou vire sèlman, yon liy pou pase, oswa yon liy pou vire dirèkteman
  - Sa kapab amelyore operasyon yo paske lap ede kopanse pou tan ki limite ke yap bay chofè yo yon limyè vè nan sik jeneral la.



# Balanse bezwen ak konsiderasyon konpetisyon yo

Nan siyal trafik yo, nou mete limit sou konbyen tan yo bay chofè yo nan chak apwòch (faz) nan sik jeneral la.

- Liy ki espesyalman pou vire yo
  - Klarifye kisa machin sa a pral fè
  - Kapab diminye konfli ant chofè kap vire yo ak pyeton yo ak/oswa chofè kap apwoche nan direksyon opoze.
- Pou decide si yon liy vire sèlman se yon bon ide, nou konsidere:
  - Nonb de moun ka vire
  - Nonb de chofè kap kontinye ale nan menm direksyon an
  - Nonb machin kap vini yo
  - Nonb pyeton kap travèse lari a
  - Liy vizibilite limite
- Mouvman pyeton yo ak otomobilis yo tout dwe ekilibre lè nou konsidere nan ki lòd chak faz deroule, ak konbyen tan chak faz pran.



# Nou kapab desine won pwen yo tou

---

Anjeneral won pwen yo pi bon:

Mouvman konsistan nan trafik la

Diminye vitès yo

Ogmante prekosyon ak sekirite


Nou kapab desine won pwen yo pou akomode otobis yo, machin ponpye yoak lòt gwo machin yo.

Tipikman, nou prefere won pwen ak yon sèl liy.

Pi an sekirite pou pyeton yo, travèse yon liy vwayaj an mèm tan




Mwens Mwens konfli ant moun kap vini epi kap kontinye nan won pwen an

Mwens espas ki nesèsè nan lari a



# Entèseksyon san siyal pou trafik

- Nou itilize diferan zouti kote siyal trafik yo pa nesesè.
- Konsidere itilize yon won pwen pou ralanti trafik nan yon vitès ki pi an sekirite epi ki konsistan
- Kenbe pasaj pou pyeton yo kout pou diminye konfli potansyèl ant moun kap mache ak chofè yo
- Nan lari ki andedan yo, nou konsidere fè pasaj pou pyeton piwo pou ralanti vitès moun kap vire yo epi amelyore aksè.
- Liy ki klè nan entèseksyon yo
- Si sa nesesè pou sekirite oswa volim trafik transvèsal, nou konsidere yon siy ARÈ



Learn more: [boston.gov/street-safety-toolkit](https://boston.gov/street-safety-toolkit)

# Desen entèseksyon pou Cummins Highway





# Ojektif rekonstriksyon Cummins Highway: pi sekirize, pi aksesib

---

Nou vize pou-n konstwi yon lari kote trafik la kapab avanse, men ki an sekirite tou pou moun ki andikape, jèn yo ak granmoun yo.



# Entèseksyon nou pral diskite aswè a:



# ENTÈSEKSYON: Harvard Street e Wood Avenue

- Gwo entèseksyon
  - Long distans pou pyeton yo travèse
- Anpil chofè soti nan tout direksyon yo
  - Gwo demann pou tan pandan sik la
- Harvard e Wood gen yon liy nan chak direksyon, pandan Cummins genyen plis liy.
- Siyal pou pyeton an mèm tan



# PWOPOZE: Harvard Street e Wood Avenue

- Etabli liy espesyal pou vire nan tou de direksyon yo
  - Liy ki vire adwat genyen yon faz nan sik la pou separe mouvman sa a ak pasaj pou pyeton an,
  - Liy ki vire a goch la kreye espas pou chofè sa yo pa sou wout lòt chofè kap kontinye nan entèseksyon an



*This is a preliminary design. We may make changes as we continue our work.*

# PWOPOZE: Harvard Street e Wood Avenue


- Pasaj ki pi kout pou pyeton yo
- Pwopoz siyal eksklizif pou pyeton
- Bati estasyon otobis ki aksesib ak ranp ki konfòm yo



*This is a preliminary design. We may make changes as we continue our work.*


# ENTÈSEKSYON: Greenfield Street e Weybosset Street

- Li pa sanble tankou yon entèseksyon pou chofè yo ki sou Cummins Highway
  - Pa gen kontwòl oswa siyal vizyèl
- Li difisil kòm yon pyeton pou travèse nan nenpòt nan pasaj pou pyeton yo
  - Move vizibilite pou chofè kap vini yo, nou pa sèten kijan yap kapab itilize entèseksyon an
- Difisil pou vire nan wout andedan yo oswa soti ladan yo



# PWOPOZE: Greenfield Street e Weybosset Street


- Kenbe mouvman tout tan pou chofè yo men klèman li plis yon entèseksyon
- Ou pa bezwen veye pyeton yo ak lòt chofè yo an menm tan: veye pyeton yo, derape, apresya veye chofè yo.
- 
- Mouvman nan sans kontrè ak yon revèy - gade sèlman nan yon direksyon pou konfli ak lòt machin yo
- Vitès kondwi san danje sou Cummins Hwy tout lè nan jounen an akòz desen fizik won pwen an



*This is a preliminary design. We may make changes as we continue our work.*

# PWOPOZE: Greenfield Street e Weybosset Street

- Won pwen bezwen yon wout ki mwens ouvri ke yon entèseksyon konplètman siyalize, konsa nou kapab ajoute ekstansyon twotwa yo epi, pètèt, jaden.
- Pasaj pou pyeton yo pi kout e yo pi an sekirite ke avan. Travèse yon liy trafik alafwa: itilize travèse zile a.
- Konstwi ranp ki konfòm yo
- Fè pasaj pou pyeton yo pi wo nan Weybosset ak Greenfield
  - Amelyore aksesibilite
  - Ralanti chofè kap rantre ak soti nan lari andedan yo
  - Pyeton yo pi vizib



*This is a preliminary design. We may make changes as we continue our work.*




# ENTÈSEKSYON: Itasca Street e Ridlon Road

---

Itasca e Ridlon fè yon entèseksyon sou kote. Yo chak dwè jwen pwòp faz pa yo.


- Konfli ant bezwen itilizatè yo pou separe an sekirite
- Kreve kèk reta adisyonèl



# PWOPOZE: Itasca Street e Ridlon Road

---

- Pasaj pou pyeton ki pi kout
- Kote ki pi an sekirite pou pasaj pyeton: soti nan mitan entèseksyon an.
- Ajoute liy pou vire agoch pou bay espas ak trafik deyò yo



*This is a preliminary design. We may make changes as we continue our work.*


# ENTÈSEKSYON: Woodhaven Street

- Defi inik de krèt pon an ak pandan wap vire sou wout la
- Pa gen pasaj pou pyeton bò estasyon MBTA a



# PWOPOZE: Woodhaven Street

- Ajoute liy pou vire agoch pou bay espas ak trafik deyò yo
- De liy vwayaj soti nan Woodhaven ale nan Mattapan Square
- Pasaj pou pyeton yo pi kout
- Ajoute yon dezyèm pasaj pou pyeton tou prè ESTASYON MBTA
- Konstwi ranp ki aksesib




*This is a preliminary design. We may make changes as we continue our work.*

# ENTÈSEKSYON: Rexford Street a Rockdale Street


---

- Pa gen siyal pou pou pyeton yo kapab konnen lè yo dwe travèse **Rexford Street**
- Genyen sèlman yon pasaj pou pyeton sou **Cummins Highway**
- Plis chofè sou **Cummins Highway** ka prale nan **Mattapan Square** epi nan yon lòt direksyon



# PWOPOZE: Rexford Street a Rockdale Street

- Enkli Rexford Street nan entèseksyon ki gen siyal
- Ajoute dezyèm pasaj pou pyeton sou Cummins Highway
- Distans ki pi kout pou pyeton yo
- De liy vwayaj ap apwoche Mattapan Square




*This is a preliminary design. We may make changes as we continue our work.*

# ENTÈSEKSYON: River Street e Blue Hill Avenue

---

- We are coordinating with the Mattapan Square redesign project
- Pwojè Cummins pa diminye nonb liy pou kondwi sou apwòch Cummins Highway
- Chanjman siyal sik nan Mattapan Square kapab chanje kijan Cummins Highway ant Fairway ak **Square** sanble



Learn more: [boston.gov/blue-hill-ave](https://boston.gov/blue-hill-ave)

# Ki avni Cummins Highway?





# Objektif rekonstriksyon Cummins Highway la: pi an sekirite, pi aksesib

Transfòme Cummins Highway nan yon **lari katye ki gen pye bwa** ki pi an sekirite pou fanmi yo mache, tann otobis la, monte bisiklèt, oswa vwayaje nan machinn.

Li pral konekte rezidan yo ak rezo espas ouvè Vil la epi rann li pi fasil pou moun ki aje yo travèse lari a.



# Kalandriye pwojè rekonstriksyon pou Cummins Highway

**11 Avril 11, 2019** premye reyinyon piblik nan Mattahunt

**27 Fevrye, 2020** twazyèm reyinyon piblik nan Mattahunt

- ▶ Prezante konsèp desen



**Jiyè, 2021 – A kontinye**

Desen pou rekonstriksyon Cummins



**29 Oktòb, 2019** dezyèm reyinyon piblik nan Mattahunt

**Jen, 2021 – A kontinye**

Angajman pou desine Rekonstriksyon Cummins

- ▶ Jen: Espesyal T-Talk -Pase nan Sant Mobil pou Manje ak Egzèsis nan Mattapan
- ▶ Jiyè: Rezilyans chalè
- ▶ Jiyè: Kalite lè a
- ▶ Out: Itilizasyon Tè
- ▶ Septanm: Ekleraj
- ▶ Oktòb: Sante Piblik
- ▶ Oktòb: Enfrastrikti vèt
- ▶ Janvyè: Estasyon otobis yo
- ▶ Fevriye: Pyebwa lari yo

## Konvèsasyon konsantre ak opinyon

---

Nap kontinye gen konvèsasyon avèk ou sou redesine Cummins Highway. **Yo pral itilize opinyon-w pandan diskisyon sa yo pou enfòmè-w sou desen Cummins yo epi yo pral pataje ak lòt depatman yo pou enfòmè travay yo tou.** An Jen 2021, nou te òganize yon edisyon espesyal T-Talk ak Charles T. Brown pou diskite sou fason mobilite Nwa Ameriken yo limite nan Ezetazini avèk lapolis, polisy, ak politik.

 [twitter.com/ctbrown1911](https://twitter.com/ctbrown1911)

 [equitablecities.com](https://equitablecities.com)

## Focused conversations and input

---

*An Jiyè 2021, nou te òganize de reyinyon vityèl avèk Depatman Anwonman an:*

**Nou te pale sou etid rezistans chalè vil la ak redesine Cummins la.** Pandan konvèsasyon sa a nou te tande:

- Ou ta renmen nou ajoute plis lonbraj. Nap chèche pye bwa akabri. Chèche gen yon konvèsasyon kominotè nan mwa kap vini yo!
- Ou te konsène o sijè de redesen tanporè a ak enpak li kapab genyen sou sèvis ijans ak trafik yo.

**Nou te pale sou kalite lè a ak fason politik transpòtasyon ak enflyans desen a sou kalite lè a.** Pandan konvèsasyon sa a nou te tande:

- Ou te enterese pou nou kontwòle kalite lè nan koridò a. Nap chèche kote ki monitè kalite lè yo ka lokalize nan zòn pwojè a.
- Ou te konsène o sijè de redesen tanporè sou Cummins Highway ak kijan trafik la ap afekte kalite lè a.

# Aparèy pou detekte kalite le a gentan enstale sou Cummins Highway an

Aprè konvèsasyon nou an an Jiyè, nou te enstale aparèy pou detèkte kalite lè sou Cummins Highway a

- Yon asosyasyon ant Depatman Anviwònman Vil la, Depatman Travo Piblik, ak Biwo Majistra pou Nouvo mekanik nan vil la
- Gen 8 aparèy pou kontwole kalite lè sou oswa touprè Cummins Highway (siy yo fèk monte!)



# Detèktè yo mezire patikilnan le a ak gaz ki rele dioxide nitwojèn

Nou espere aprann:

- Ki efè rekonstriksyon Cummins Highway pral genyen sou kalite lè nan zon sa?
  - Ki jan nou ka pi byen itilize done sou kalite lè nou kolekte yo?
  - Ki jan nou ka pi byen fè done yo ouvè ak aksesib a tout moun?
- Nou pral gen tablodbò sou entènèt pou pataje pita nan ane sa a



## Konvèsasyon konsantre ak opinyon

---

An Out 2021, nou te òganize yon reyinyon vityèl ak Ajans Planifikasyon ak Devlopman Boston:

**Nou te pale de PLAN Mattapan, kijan travay yo gen rapò ak transpòtasyon, ak kijan depatman nou yo kolabore.** Pandan konvèsasyon sa a nou te tande:

- Cummins sa fè pati de yon rezo, se poutèt sa nou bezwen pran an konsiderasyon de trafik la nan lari anndan yo tou. Nou te fè konte trafik yo.
- Ou vle nou pwoaktif epi rasire-w ke nap travay ak MBTA, kamyon pou retire fatra, ak otobis lekòl yo sou jesyon trafik anvan ke nou aplike yon nouvo desen.

## Focused conversations and input

---

An Septanm 2021, nou te òganize yon reyinyon vityèl ak Divizyon Ekleraj Lari Vil la:

**Nou te pale sou objektif vil la pou ekleraj lari yo ak opòtinite pou Rekonstriksyon Cummins la.** Pandan konvèsasyon sa a nou te tande:

- Ou te konsène sou klète ak koulè limyè a, nou pral travay avèk ou pou kapab jwenn limyè ki apwopriye ak koulè ki ka ede amelyore vizibilite a.
- Ou te vle konnen ki kote ou kapab wè limyè ki sanble ak sa Travo Piblik ap pwopoze a.
  - River Street sòti nan Cummins Highway rive nan Hyde Park (Way St)
  - Nubian Square
- Pataje panse-w nan: [bit.ly/Cummins-Light\\_Feedback](https://bit.ly/Cummins-Light_Feedback)



## Konvèsasyon konsantre ak opinyon

---

Nan kòmansman mwa oktòb 2021, nou te òganize yon reyinyon vityèl ak Komisyon Sante Piblik Boston: **Nou te pale de koneksyon ki genyen ant lari, sante, ak byennèt.** Pandan konvèsasyon sa a nou te tandè:

- Ou te konsène de trafik la pandan pwosè a ak efè sou lari anndan yo. Nou te fè konte trafik nan mwa Septanm nan nan lari anndan yo. Nap pwograme pou-n konte trafik la ankò nan lari anndan yo pandan ke pwosè a te fini.
- Ou te vle konnen plis de kijan nap angaje rezidan yo nan kominote a nan pwosesis redesen an. Nou te pale de kèk lòt fason moun yo ap resevwa enfòmasyon ak angaje ak pwojè nou an.

# Konsantre sou konversasyon yo ak opinyon yo

Nan mwa janvye 2022, nou te òganize yon reyinyon vityèl pou diskite sou estasyon otobis yo sou Cummins Highway:

## Nou te pale de:

- Ki jan nou planifye espas estasyon otobis nan koridò a
- Ki faktè ki fè yon estasyon otobis aksesib
- Ki jan nou planifye pou estasyon otobis sou Cummins Highway




# Konvèsasyon konsantre ak opinyon-w

An Fevrye 2022, nou te òganize yon reinyon vityel pou-n te kapab diskite Plan pou Forè nan ak pyebwa yo nan lari a:

Nou te pale o sije:

- Kijan Plan pou Forè nan Vil la pral etabli polisi, pratik, sibvansyone desen pyebwa yo nan tout Boston
- Fason ke nou tout kapab sipote sante pyebwa nan lari yo, nouvo ak ansyen yo
- Kisa ke nou konnen o sijè pyebwa yo sou Cummins Highway jodya
- Desen teknik pou-n prezève pyebwa ki deja egziste yo epi pou rasire-n ke nouvo pyebwa yo kapab pwospere.



# Lòt reyinyon nou an ap fèt 26 Avril

Lari ki Bon pou tout Laj desen rekonstriksyon  
Cummins Highway

- Madi 26 Avril
- 6:30 p.m.
- Anrejistre nan: [bit.ly/Cummins-Age](https://bit.ly/Cummins-Age)

[bit.ly/Cummins-Age](https://bit.ly/Cummins-Age)



# Resources and staying engaged



# Kounye a ou kapab monte otobis wout 23, 28, ak 29 GRATIS

---

Pasaje nan wout 23, 28, ak 29 yo kapab monte nan otobis yo nan tout pòt san yo pa peye yon pri tikè pou dezan.


Plis enfòmasyon nan



# Mizajou: Pasèl devlopman sou Blue Hill Ave

Òganize pa Biwo pou lojman Majistra a, rankontre ak de ekip devlope selekte pou uit nan 10 B1pasèl yo. Poze kesyon ak bay opinyon sou desen an!

- 31 Mas, 2022
- 6 p.m.
- Nan Zoom



Aprann plis: [boston.gov/calendar/blue-hill-avenue-action-plan-b1-project-update](https://boston.gov/calendar/blue-hill-avenue-action-plan-b1-project-update)

# Prentan 2022 lekòl pou bisiklèt avèk Bikes Not Bombs

Prentan sa a, Bikes Not Bombs yap aksepte aplikasyon pou pwogram sa yo.

- Se An Aksyon - Jamaica Plain
  - 5 Avril - 5 Me

Genyen yon bisiklèt - Jamaica Plain

- 17 Me - 16 Jen
- Enstiti Bisiklèt - Jamaica Plain
  - 2 Avril - 11 Jen
- Se yo Aksyon - Roxbury
  - 12 Avril - 12 May
- Enstiti Bisiklèt - Roxbury
  - 9 Avril - 18 Jen

Aprann plis: [bikesnotbombs.org/bike-school](https://bikesnotbombs.org/bike-school)



**Fix a bike, take it home, and make some friends along the way. Check out this link for program details & how to apply:**





## Monte Bisiklèt Blue yo ak yon rabè!

---

Gen pas ki dsponib pou bisiklèt piblik nou yo ak yon rabè.

Moun ki patisipe nan pwogram asistans piblik oswa ki gen yon revni ki kalifye yo ka resevwa yon rabè. Pas a frè redwi yo ap sèlman pou **\$50 pa ane oswa \$5 pa mwa** san okenn angajman anyèl. Li gen ladann inèdtan vwayaj san limit.

[boston.gov/discounted-bluebikes](https://boston.gov/discounted-bluebikes)




# Eske-w enterese pou jwen rabè pou entènèt?

- \$30 pa mwa pou entènèt epi yap retire \$100 sou pri nouvo laptop la, tablèt, oswa odinatè, destop
- Fanmi nan, oswa pi ba, 200% nan liy povrete federal la
- Moun ki nan plizyè pwogram asistans piblik
- Otreman elijib pou yon pwogram rabè ki deja egziste avèk moun ki patisipe kap bay swen yo

Aprann plis:

[boston.gov/news/affordable-connectivity-program-now-available](https://boston.gov/news/affordable-connectivity-program-now-available)



HOME > LATEST CITY OF BOSTON NEWS > AFFORDABLE CONNECTIVITY PROGRAM NOW AVAILABLE

## AFFORDABLE CONNECTIVITY PROGRAM NOW AVAILABLE

The Affordable Connectivity Program offers eligible households up to \$30 per month for broadband service, and up to \$100 in a one-time discount for a digital device.

January 28, 2022

PUBLISHED BY:  
Innovation and Technology

DOWNLOAD

# Mattapan Square Main Streets ap anboche!

---

Kounyea yo anboche: Direktè Ekzekitif

Dat limit aplikasyon:

15 Avril 15, 2022 ve 5 p.m.

Aprann plis:

[boston.gov/economic-development/boston-main-streets](https://boston.gov/economic-development/boston-main-streets)



BOSTON  
MAIN STREETS

## Fon Sekou pou Lwaye

---

Vil Boston ap dedye lajan federal yo pou ede rezidan Boston yo ki te afekte ekonomikman akòz pandemi COVID-19 la epi ki gen difikilte pou peye lwaye yo.

Pou plis enfòmasyon sou kalifikasyon, resous, ak pou aplike ale nan:

[boston.gov/rental-relief](https://boston.gov/rental-relief)

## Stay in touch:

---

- Vizite sit wèb la [boston.gov/cummins-highway](https://boston.gov/cummins-highway)
- Chat with us: [bit.ly/Cummins-15](https://bit.ly/Cummins-15)
- Reach out to Jeff Alexis: [jeffrey.alexis@boston.gov](mailto:jeffrey.alexis@boston.gov)